Гъазимухlамад Гъалбацlов

Цохlо моцl кенчlола киналго занахъ...

4-5

Прохоровги, кlодоги, Роберто Карлосги

Закир Мухlамадов

6

Кунчlиладай «Анжиялда» цойги «цlва»?

Ума Исхlакъова

6

www.millat.ru

Миллат

ДУЦА КЪУВАТАЛЪЕ РОРХУГЕ КВЕРАЛ, КУМЕКИН АХlДОЛЕБ БУГО МИСКИНЛЪИ

Р. Хlамзатов

№15 (15) 16 сентябрь 2011 сон МАГlАРУЛАЗУЛ ГАЗЕТА

редакторасул калам

Гlандалазул ракьалда щущараб шагьасул бо...

«Улка – ракь гlемерав квер гьечlев Сурхай,
Цо къо къалъилелде кверде восана.
Квер гьечlев Сурхайил Муртазагlали
Имгlал Нуцалихъе Хунзахъе ана...

- ян абурал машгьураб аваразул халкъияб кочlол мухъал нахъе хутlана 270 соналъ цебе магlарул халкъалъ бихьизабураб бахlарчилъиялъул рахъалъ.

Муртазагlалие Гъумекиб бараб памятник

1741 абилеб соналъул 14 абилеб сентябралда Гъумекдерил хан квер гьечlев Сурхай эхетана къажаразул шагь Надирида цеве. Гьесул лъимал гьеб къабихlлъи хlехьезе бокьичlого ана шагьасда данде рагъизе аваразда кумек гьаризе. 2011 абилеб соналъул 14 абилеб сентябралда, дов шагь асирлъараб Гъазигъумекив Дагъистаналъул президентас абулеб буго: «Дун цlакъ вохарав вуго Дагъистаналъул халкъазул цолъиялъул байрамкъоялда цеве, доб рагъулъ бахlарчилъи бихьизабурал багьадуразул ракьалде, Гъумекиве щвеялдаса…»

- ян. Гьеб рагъулъ аваралги рукlанин гlадинаб жоги бицана президентас, хутlарал Дагъистаналъул халкъалги рукlанила. Таргъуялъул шамхал Хасбулат Надиршагьгун рекъон вукlана къажараз тумалги кверде росун, аваразда тlаде унеб мехалда. Гъазигъумекиб тумаз доб рагъулъ бихьизабураб бахlарчилъиялъул президентас бицунеб мехалда гьесда цадахъ спикерги вукlана, гьеб бугин тlолго дагъистаниязул бергьенлъи, нилъ цолъизе кколин бичlизабуна Гъумекиб бараб памятникалда цереги эхетун. Гlандалазул ва авразул бахlарчилъиялъул бицунев чиго рагlичlо. Гьениб гlайиб чlвазе бакlги гьечlо, 270 соналдаса бокьухъе абизе бегьиларищ, амма гьеб цо халкъияб кечl бугоха тlирун чlараб, букlанщинабги рехсон. Памятник рагьаразда ва бахlарчияб тумазул ракьалъул рахъалъ цере рахъаразда кин гlайиб чlвалеб, жалго аваразда цин гьеб кlочон бугеб мехалда. Бакl ккун букlаго абила, президентас ракlалде щвезабуна Надиршагь Сугъралъ росдада цеве щущахъ виххизавунин абураб хlужжа. Амма гьев щущахъ виххизавизе Сугъралъе рачlун рукlун руго тумалги, лъарагlалги, даргиялги ва цогидал халкъалги. Гьедин бигьаго чlвазе кlолел къажарал Сугъралъе щвезегlан щай риччаралали кинго бичlчlуларо. Муртазагlалицаги гьел къажарал Гъумекирго чlвани бегьилаан, гъоркьлъалие эменги тун гlандаллъиялда чlвачlого. Хlасил калам, республикаялъул тlалъиялъ дагъистаниял цолъиялде ахlулел руго тушман чlинтlаралъурги ахlун гурел, гьес хан асир гьавураб бакlалда памятникги рагьун. Нилъехъа бахъизе хутlараб жо тарих букlана, гьелдаги квалквадулеб гlадаб жо лъугьунеб буго.

Амма кир гьез памятникал рагьаниги аваразул тарих мукъсанлъизабизе лъиданиги кlоларо, миллатги, халкъги чlаго бугебгlан заманалда.

«Гlандалазул щобазда
Щущараб шагьасул бо.
Чода бараб гlетlуца,
Чурараб гlарцул ярагъ…»

- ян хъвана магlарул шагlирас доб къеркьеялъул тарихалда тlаса. Хlажат буго гьеб тарихги, шигlру-кечlги, бахlарчилъиялъул мисалалги наслабахъе кьезе ва гьеб цlуниялда тlад хlалтlизе. Дун миллатчи гуро, амма нилъер миллаталъул тарихги, гьунарги, цlарги хутlаразгун бикьизе гlемер бокьуларо, бикьун мукъсанлъулареб тарих аваразул бугониги.

! Муртазагlалицаги гьел къажарал Гъумекирго чlвани бегьилаан, гъоркьлъалие эменги тун гlандаллъиялда чlвачlого. Хlасил калам, республикаялъул тlалъиялъ дагъистаниял цолъиялде ахlулел руго тушман чlинтlаралъурги ахlун гурел, гьес хан асир гьавураб бакlалда памятникги рагьун.

саналгlат гьечlел суалал

Шамилхъалаялъул масъалаби: СУАЛАЛ ВА ЖАВАБАЛ

Шамилхъала

Хlусенов Мухlамад ахиралда тlолго халкъалъул рищиязда Шамилхъала муниципалияб гlуцlиялъул бетlерлъун вищана 2007 абилеб соналъ. Поселокалъул уставалда рекъон муниципалияб гlуцlиялъул бетlерасул болжал буго щуго соналъ, амма жеги чlван къотlун роцlцlараб жо гьечlо рищиял исанайищ, ялъуни щуго сонил болжал лъугlунищ тlоритlизе кколелали. Гьеб суал хутlулеб буго рагьараблъунин абуна живго Хlусенов Мухlамадица. Дун хlадурарав вуго бокьараб къоялъ тlолго халкъалъул рищиязда ине, поселокалъул гlадамаз дир рахъ кколеблъиялда щаклъи гьечlин бичlчlизабуна гьес. Церехун «Миллат» газеталъул редакциялде рачlарал гlарзалги кагъталги хlисабалде росун, хlукму ккана гьесулгун гара-чlвари гьабизе.

— Дур кинабгlаги щаклъи гьечlо тlад вуссун мун вищиялда, гьал гьоркьоса къотlичlого нижехъе рачlунел гlарзалги, суалалги кин ричlчlилел, дуца бикъараб гlарцул бицунеб буго…

— Кинабгlаги гlарац бикъи гьечlо гьениб, гьеб буго Унсоколо жанисеб политикаялъ багъаризабураб жо, рищиязда цебесеб рагъар-рачари. Шамилхъала буго гьитlинаб Дагъистан гlадинаб бакl. Дора руго гlемерал батlиял миллатазулги, магlарул районазул халкъги бугеб бакl. Дица нухмалъи гьабула цониги чи ватlа гьавичlого, гьеб данде кколеб гьечlо Унсоколо росдал цо-цо гlадамазе.

— Щиб гьезие къваригlун бугеб дур пикруялда?

— Унсоколо росулъа, жидерго чи бетlерлъун ккезавизе.

— Гьениб бегьулареб жо гьечlогури, ансадериеги хlажат батила киназего гlадин жидерго чияс хъулухъ гьабизе ва гьесдаса кумек щвезе.

— Дица гьеб мекъаблъун гьабулеб гьечlогури, гlахьалъи абе рищиязда, лъе абе халкъалда цебе кандидатасул программа, халкъ балагьила щиб чlаголъиялъул ва гьунаралъул чи гьев кандидат вугевали. Халкъалъ вищарав чи вукlина бетlерлъун.

— Дуца гьеб хъулухъалда лъеберго миллион гlарац бикъанин хъвалеб буго нижехъе, гьеб щиб гlарац?

— Гьел руго гlадамал божизаризе цо хасаб къапилаялъ тlамулел къватlул харбал, кинаб лъеберго мил-

⇨2

Шамилхъалаялъул масъалаби:
СУАЛАЛ ВА ЖАВАБАЛ

⇨1 лион букIунеб лъагIалие тасдикъ гьабураб микьго миллион гурони бюджет гьечIеб бакIалда. Гьенир жанирги руго налогалги, апараталъул харжалги, ЖКХаялъул гIарацги ва гIемерал цогидал статьяби бюджеталъул. Нижее гьаб соналъ законги хвезабун районалъ анцIго миллионгIан гIарац тIаса къунцIана, халкъалъул къадаралда рекъон биччалеб гIарцул нижер букIине кколароан I5 миллионалдаса гъоркье гьечIеб гIарац. Гьеб микьго миллионалда жаниб ЖКХаялъе рихьизарурал кепкалги кьолел гьечIо. Гьаб сагIат 4 абилеб квартал байбихьун буго 1 миллионгун 300 азарго гъурущ гурони кьечIо лъагIалие. Гьелъги квал-квал гьабулеб буго нижее хIалтIизе.

— Гьел цо рохьилал абурал чагIаз магъало лъечIеб бакI тун гьечIин Унсоколо районалдаян рагIана, щиб абилеб гьелда хурхун.

— Гьале дун вуго, цо капек кьечIо ва кьезе гьечIо. Щай дица кьезе кколеб, дица бикъулареб мехалъ. Киназдаго гьез магъало лъолин абурал жалги харбал руго, рагIана дида цо-цо гIорхъолъа ун бикъулел, бечедал чагIазда гьез лъазабулин жидерго ишалъе гIарац щвезабеян харбал. Дица кьоларо.

— Шамилхъалаялда лъабнусго чи рагъулаб къуваталъул чагIи жанир унел минаби ралел ругин рагIана

— Руго гьединал минаби ралел, министерство Обороныялъ разарулел бакIал руго гьел,гьенир рагъулал къуватал чIезаризе. Гьеб объект поселокалъул бюджеталде кколеб бакI гуро, заказчик ва подряд цоги чагIахъ буго.

— Гьанже нилъ рачIина Шамилхъалаялда гIумру гьабулел гIадамаз ритIарал суалазде, нижехъе рачIарал суалал лъолел руго дуда цере, мун хIадур вугищ гьезие жавабал кьезе?

—КинабгIагиШамилхъала гьениб гьечIо, гьел суалалги руго Унсоколоса кьолел, амма дун хIадур вуго жаваб кьезе, бокьани документаздалъун бихьизабила дуда щибаб гъурущ араб бакI.

— Документазул хал гьабизе дица журналистасул цIех-рех тIобитIулеб гьечIо гьаб сагIат, гьеб гьабе абе органаз гьединаб хIажалъи батани,суал буго гьадинаб: 2004 абилеб соналъ милициялда аскIоб бугеб общежите къачIазе биччан букIана миллион гъурущ, гьеб битIун хIалтIизабунищ, гьениб гIумру гьабулез абулеб буго жидеда ремонталъул лъалеб жо гьечIин.

— Гьел общежитиял рукIана «Чиркейгэсстрой» гIуцIиялъул бакIал. 2004 абилеб соналъ гьел бакIал кьуна поселокаялъул балансалде, букIана гъол росиялъухъ «Чиркейгэсстроялъ» кьураб миллион гъурущ гIарацги гьезда тIад хIалтIи гьабизе. Гьеб букIана гIумру гьабиялъе кколел стандартал гьечIин, биххизабизеян акт гьабураб, жаниса туалетал, коммуникациялги хвезарураб, реххун тараб бакI. Гьеб мехалда Унсоколо районалдаса парламенталда вукIарав депутат Генуса ГъазимухIамадица гьарана дида, гIадамазе гIумру гьабизе бакIги букIине гьеб общежитие балансалде босеян. Балансалдеги гъоб босана биххизеян гьарурал акталгун цадахъ, дица гъора гьаруна киналго коммуникациялги, ремонталги. ГIадамаз жанир гIумру гьабизе бегьулеб хIалалде бачана. Гьеб заманалда байбихьана гIарзалги рагъа-рачариги, цIех-рехалъул органал лъугьана хадур, гьабуна ункъцIул суд, судалъ кинабгIаги гIайиб чIезабичIо. ХIасил калам, дица биххизабизе кколеб бакI къачIан гIадамазе гIумру гьабизе шартIал гьаруна, гьел нужехъе хъвадарулел чагIаз бицунел жал руго къватIул харбал. Гьениб жаваб кьезе ккола кIиго суалалъе – гIадамаз гIумру жаниб гьабулеб общижитие бугищ жакъа? Буго.

ЦIех – рехалъги судалъги гIарац бикъи чIезабун бугищ? ГьечIо. Хутарал жал руго къватIул харбал.

— ЖКХаялъул харжазе биччараб гIарац хIалтIухъабазе щун гьечIо, гьеб цIехолел органалги руго, гьелъул щиб хIасил ккараб?

— Гьеб суал буго жинда бугеб хIакъикъат лъаниги хIалихьатав чияс битIараб суал. Дица нахъойги абулеб буго нижее лъагIалил бюджеталдаса щибаб кварталалъе цо миллионгун лъабнус азарго бихьизабураб гIарцул ункъабилеб кварталалда тIубараб лъагIалие биччараб хIисаб гьабун 1 миллионгун анкьазарго гурони бачIун гьечIо. Гьебги гIаммаб гIарац, цохIо ЖКХаялъул гуреб. Биччан гьечIо бюджеталда тасдикъ гьабурабцин, кин бугониги араб нухалъ нилъер кIигояв дандчIваралдаса ЖКХаялъул хIалтIухъабазе дица лъабго моцIил гIарац кьуна.

— Шамилхъалаялда минабазул тIохал къачIазе риччарал миллионазул кинаб къисмат ккараб?

— ТIохал къачIазеян хас гьабун биччараб гIарац букIинчIо. Дица бицина дуе гьеб суал кин бижарабали. БукIана 2008 абилеб соналъ минабазул капиталияб ремонталъе биччараб 5 миллионгун ункънусазарго гъурущ. Гьеб гIарцуца нижеца къачIана лъабго минаялъул тIохги, подвалал, коммуникациял, гIаммал ремонталги гьаруна, нахъойги абулеб буго хас гьабун тIохазе биччараб жо букIинчIо.

— Шамилхъалаялда сардилъ гIолилазул хьвадачIвадиялъ хIалхьи толеб гьечIо – кьвагьдейги, ахIи-хIурги, рагъ –кьалги къотIулеб гьечIо, цониги общественнияб гIадлу хвезабиялъухъ тамихIалде цIарав чи кканищ?

—ЦохIоШамилхъалаялъул гуреб гIаммаб Унсоколо районалъул отдел Шамилхъалаялдалъидал бугеб, прокуратураги гьениб буго. Дица дуда цо жо абила, Шамилхъала буго бищунго гъалмагъирал рукIине ресги бугеб, гIемерал къватIиса чагIиги рачIунеб нухда бугеб бакI, амма гьечIо гьел гъалмагъирал, гьелги руго гьерсал. ГIаммаб къагIидаялда Унсоколо районалъул росаби росани, Шамилхъала буго бищунго гIодобе биччараб ва парахатаб бакI.

— Жеги кандидатура лъезе ракIалда бугищ?

— ГIадамазда гьикъизе ккела, тIолго халкъалъул рищиязде гьезулгун суал дандбачIого щиб жаваб кьелеб. Амма руго гIезегIан лъеян абулел чагIи.

— Данде лъолел чагIи рихьулел ругищ?

— РукIина гьел, араб нухалдаги I5 чи вагъарун вукIана, рищиял кида рукIинел абураб суал жеги роцIцIун гьечIо, дие гьелъул батIалъиги гьечIо кида ругониги.

— Мун анцIила ункъго соналъ бетIерлъуда вуго, кинаб политикияб къуват бугеб хадуб?

— Шамилхъалаялъул халкъ, цойги кинаб къуват букIинеб.

— МахIачхъала, яги ансадерил ва гендерил рохь, нохъал…

— Гьел рохьор ругел чагIиги дир тушбаби гуро, гьелги нилъер гIадамаллъидал. Дие киналго гIадамал цохIо руго, батIа гьаризеги бегьуларо. Гъозул такъсирал ратани органаз чIезаре абе. Амма хасаб дун бетIерлъуда кколеб, кумек гьабулеб къокъа рохьоб гьечIо.

◆ Зульфия ХIАЖИЕВА

Закон ургъунилан бюджет «бухи» теладай?

ЛъагIел байбихьаралдаса араб хIалтIул 118 къоялда гьоркьоса гIемерисел къоял командировкабазда тIоритIана нилъер районазулгун шагьаразул нухмалъулез.

Масала, Кули районалъул нухмалъулесул 61 къо ун буго командировкабазда. Гьездаса 42 къоялъ гьев вукIун вуго районалъул ишаз республикаялъул президентасулги хIукуматалъулги администрациялда. КъваригIелал тIуралев гьебго администрациялда 53 къо бан буго Болъихъ районалъул нухмалъулесги.

Район тун къватIирехун гьарурал сапаразда тIад гьез харж гьабун буго бюджеталъул гIарцул 376 азарго гъурущги. Халкъалъул бюджет «бухун» хIал кколарел нилъер МОязул нухмалъулезул хасиятги лъалаго, гьел харжазулни бицинего бегьиларо. ГIадамазукьа нечонищ, яги президентасул администрациялъукьа намуслъунищали лъаларо, командировкабазда рукIаго рекIадухъги жанир чIараб бакIалъухъги кьураб гIарац бихьизабулеб гьечIо гьез документазда.

! Хаду-хадуб командировкабазда тIад унеб бюджеталъул гIарцуеги хIажалъи гьечIого хвезабулеб заманалъеги гIорхъи чIвазе ккелин лъазабуна МОязул нухмалъулезда республикаялъул президентасулги хIукуматалъулги администрациялъ.

Гьеб 376 азарго гъурщида гьоркьоб буго кIиго нухалда (кинабниги - ичIго къо) Москваялде ине Избербашалъул нухмалъулес хвезабураб 97 азарго гъурущ. Гьес гьеб сапар ДРялъул президентасул администрациялда дандги бан гьабун буго. Гьелда дандги бачIого гьабураб сапаралда тIад Южно-Сухокумскалъул нухмалъулес харж гьабун буго 42 320 гъурущ. Командировкаялъул 21 къоялда тIад ун буго гьеб. Сапаразда тIад арал харжазул рахъалъ кIиабилеб бакIалда вуго Кули районалъул нухмалъулев – 75 700 гъурущ. Сапаралда ун буго 61 къо.

МагIарул районазул нухмалъулез гьарурал гьединал бищун цIикIкIарал харжал гьадинал руго: ГIахьвахъ – 21 515 (17 къоялъе), ЦIунтIа – 21 518 (32 къоялъе). ЛъаратIа, Унсоколо, Казбек, Хьаргаби, Гумбет районазул нухмалъулез гьарурал сапаразулги харжазулги баян щун гьечIоан президентасул администрациялъухъе. ХутIарал нухмалъулез – Хунзахъ, ЧIарада, Шамил, БежтIа – гьарурал харжал лъабазарго - анлъазарго гъурщиде гурони рахунел гьечIо (документазда рекъон).

Хаду-хадуб командировкабазда тIад унеб бюджеталъул гIарцуеги хIажалъи гьечIого хвезабулеб заманалъеги гIорхъи чIвазе ккелин лъазабуна МОязул нухмалъулезда республикаялъул президентасулги хIукуматалъулги администрациялъ. Гьездаса гьебго жо тIалаб гьабулеб букIана президент МухIу ГIалиевасги. Амма гьеб тIалаб цояб гIинзунибеги биччан, цогидалъусан къватIибе биччана бакIалъул нухмалъулез.

Бюджеталъул гIарац «бухиялъул» суал нилъер гьаниб гуребги, Россиялдаги гIемер бицун чIалгIараб суал буго. Гьединлъидал РФялъул хIукуматалъ (щаялиго) сахлъи цIуниялъулгун социалияб цебетIеялъул министерствоялда тIадкъан буго чиновникиз «кьабулеб» гIарцуда хадуб халкквеялъул закон ургъизе. Гьеб лъикI бугоан. Амма гьанжего-гьанже ургъизе лъугьараб гьеб закон, хадуб хIалтIизабизе лъугьунаго жеги кIигониги сон уна. Гьелъухъгицин балагьун чIелаан, жибго законалъул къисмат гьанжелъагIан Россиялда къабул гьарурал законазул гIадаб кколареблъи лъалебани…

◆ Закир МУХIАМАДОВ

Ставрополалдаса нахъе гъолел руго дагъистаниял

Ставрополь мухъалда гIумру гьабун ругел дагъистанияз ахIи балеб буго судалъ жидехъа рукъзал рахъулел ругилан. Гьедин лъазабулеб буго Ставрополалъул Андропов мухъалда бугеб ЦIияб Янкул росулъ гIумру гьабун ругел нилъер ракьцояз. Судалъул вакилзабаз абулеб буго гьениса гьел гIадамал нахъе гъолел ругин законалда рекъон.

ЦIияб Янкул росулъ гIумру гьабун вугев Халилов Мурадица журналистазе бицана дагъистаниязухъа I9 мина бахъанилан. Амма гьел киналго гIадамал Ставрополалда гIумру гьабулел рукIанин цебегоялдаса нахъе, минаби жидер рукIин рихьизарулел хасал документалги ругин гьезухъ.

Андропов мухъалъул судалъул вакил Ковальчук Тамараца бицана гьел киналго гIадамаз гIумру гьабулеб бугин гьитIиналго хъутабазда. Документазда гьел хъутаби гIумру гьабизе бегьуларелъун рихьизарун руго. Гьединлъидал гьенир чIарал гIадамал хIисабалде росизе ва регистрациялда лъезе рес гьечIо.

Жидехъа минаби рахъарал дагъистаниязул адвокат Сарсаков ГIабдулаца рикIкIунеб буго гьел хъутаби гIумру гьабизе бегьуларелъун рихьизариялъул гIайиб дагъистаниязул гуреб, Ставрополалъул хIукуматалъул бугилан.

«Ставрополалъул хIукуматалъ дагъистаниял советияб заманалда гIиязда хадур ралагьизеян ахIун рукIана гьенире, гIумруги гьез гьединал гьитIинал хъутабазда, ай кошарабазда гьабулеб букIана», - илан абуна Сарсаков ГIабдулаца. Хадубго тIадеги жубана гьенив хIисабалде восун вукIанин жив-жив дагъистаниявги гьезул рукъзалги, гьанжейин абуни ургъун рахъарал гIиллабиги ратун дагъистаниял нахъе къотIизе хIал бихьулеб бугилан.

Минаби нахъе рахъиялда хурхун гьарулел судазде дагъистаниял ахIулел гьечIо, судалъул хIукму бихьизабураб кагьатги гьезухъе щолеб буго гIемераб мех индал. Гьединлъидал, законалда рекъон, гьеб хIукмуялда тIасан гIарза хъвазе ресалдасаги махIрумлъулел руго.

Дагъистаниязул адвокат Сарсаков ГIабдулаца абуна Ставрополалда гIемерал ругила жаниб гIумру гьабизе бегьуларел рукъзал. Амма судиязе гьел рукъзабазул ургъел гьечIила. Россиялъул Конституциялъулаб судалъул хIукмуялда рекъон, Россиялъул гражданинасул хъвай-хъвагIай ккола гIумру гьабизе бегьулел кинал рукIаниги шартIал ругеб рокъоб гьес гIумру гьабулеб батаниги.

ЦIияб Янкул росулъа Халилов Мурадица бицана судалде рачIиндал судияй Ковальчук Татьянаца лъазабунила дагъистанияз гIурусал нахъе къотIулел ругин Ставрополалдаса, гьединлъидал жидеца дагъистаниял хIисабалдаса нахъе рахъилилан.

Дагъистаналъул миллияб политикаялъул, диналъул суалазул ва къватIисел ишазул министр БекIмурзаев БекIмурзаца журналистазда абуна Ставропол мухъалда ругел дагъистаниязул масъалаби гIагараб заманалда жанир тIуразе ругилан.

Гьесул рагIабазда рекъон, гьев исана лъабго нухалъ щун вуго гьениве. Гьев мукIурлъулев вуго миллияб рахъалъ гьениб ахIвал-хIал хIалуцун букIиналъе ва дагъистаниял гьениса нахъе къотIиялъул политика билъланхъизабулеб букIиналъе.

«Амма гьел суалал тIураялъулъ Дагъистаналъулги Ставропол мухъалъулги хIукуматазул цогояб бичIчIи буго», – ян абуна БекIмурзаевас. Кинаб бичIчIи бугебали гьес мухIкан гьабичIо.

Ставрополалда гIумру гьабун йикIарай ГIумарова Мадинаца бицана «Миллаталъе», цере Дагъистаналдаса гIухьби къабул гьарулаанин Ставрополалда, гьанжейин абуни гьел нахъе къотIизе лъугьун ругилан:

— Точкабийилан абулел гьитIинал хъутабазда гIумру гьабулел гIадамазул рукъзал рукIуна росабалъ. Гьел росабалъ гьезул хъвайхъвагIайги гьабун букIуна. Амма хъутабазда гIумру гьабулел гIемерисел гIадамал хъизанал ккун хIалтIула цо чиясул фермаялда, гIумру гьабулеб тIокIаб батIияб бакIги букIунаро гьезул. Гьанже гьединал гIадамал нахъе къотIизейин лъугьун руго гьениса. Росабалъ ругел дагъистаниязда бичIчIулеб буго гьел хъутабаздаса гIадамал нахъе къотIун хадур, Ставрополалъул хIакимзабазул ирга жидедеги щвезеги букIин. Гьединлъидал гьелги журана ракьцоязул ихтиярал цIунизе. Гьанже Дагъистаналдаса гIухьбуздехун бербалагьи гьединаб букIиналъе гIиллаби батIи-батIиял руго.

Мисалалъе, гьеб бизнесалдаса гIезегIан гIарац гьабизе бегьулеблъи бихьулеб буго гьанже Ставрополалъул цо-цо хIакимзабазда. Лъаларо бугебищ гьеб гIилла аслияб, гьечIебищали, амма дагъистаниязул ихтиярал хвезарулел руго.

Политика гьединаб буго жакъа къоялъ гьениб.

Ставропол мухъалда гIумру гьабун вуго нусазаридаса цIикIкIун дагъистанияв. Гьездаги гIурусаздаги гьоркьоб миллатчилъиялда хурхараб чанго гъалмагъир ккун букIана гьоркьисала.

◆ Зульфия ХIАЖИЕВА

Пенсияздаса махIрумлъулел боевикал

Гъизляралдаса гIебеде ругел хъачагъазе пенсиял щунгутIиялъе хIалтIи гьабизехъин буго ДРялъул хIукуматалъ. 23 августалда МахIачхъалаялда тIобитIараб хIинкъи гьечIолъиялъул советалъулги, терроралда дандечIараб комиссиялъулги цадахъаб данделъиялда гьабураб хIукму ккола гьеб. Гьелда рекъон, исана 1 октябралде щвелалде республикаялъул прокурор А. Назаровасги, жанисел ишазул министр ГI. МухIамадовасги, ФСБялъул директор А. Кониницаги лъазабизе ккола Гъизляр районалда гIумру гьабулел хъачагъазе инвалидносталъул пенсиял законалда рекъонищ щолел, яги гурелищали.

Нагагьлъун хIукуматалъ гьезие пенсия законги хвезабун кьолеб букIин лъанани, гьединал хал гьабиял тIоритIизе рагIула цогидал районаздагун шагьараздаги. БичIчIуларо, закон хвезабулел гьединал хIужаби цогидал бакIаздаги тIатинаризе кколел ратани, Гъизляралда гьединал хIужаби ратизегIан щай чIезе кколел?

Гьединго рохьилазул, ялъуни хъачагъазул чIванкъотIараб къадарги цIаралги лъида лъалел? Лъалеб батани, закон цIунулел идарабаз щай гьеб нилъеда бицунареб? Ялъуни кинаб судалъ къотIулеб пуланав чи рохьилав, яги хъачагъ вугилан абураб хIукму? Гъизляралдаса гIебеде батизеги бегьула гьединаб «ритIухъаб» суд.

Дол боевикаде гьеб пенсия мекъи кьолеб букIин киндай чIезабула? Гьезие медкомиссия гьабизе ВТЭКги бачун рохьоредай ине ругел закон цIунулел идарабазул хIалтIухъаби?

Хъачагъалин рикIкIунел чагIазе щолел гурелги, цогидаб къапилаялъе щолел пенсиязулги лъалкI цIехезе гьечIодай цебехун рехсараб лъабабго идараялъ?

Цо заманалда Чачаналда букIана боевикал гурелги, гьезул гIагарлъигицин пенсияздасагун пособияздаса махIрум гьарулеб къагIида байбихьун. Гьеб рахъалъ нилъер боевикаде дагьалъ икъбал ккун буго - гьел гIицIго «мекъи щолел пенсияздаса» гурони махIрумлъулел гьечIелъул.

Гьебго заманалда Рамзан Къадировасул рахъалде рачIарал чачаназул боевикаде кьезе лъугьана пенсиялги тIаде хасал премиялги. Гьазда боевикалилан мекъи абулеб букIанин, гьал унгоунгоги халкъ цIунун рагъулел чагIи рукIанин бичIчIизабуна гьеб мехалда Къадировас.

! Цо заманалда Чачаналда букIана боевикал гурелги, гьезул гIагарлъигицин пенсияздасагун пособияздаса махIрум гьарулеб къагIида байбихьун. Гьеб рахъалъ нилъер боевикаде дагьалъ икъбал ккун буго - гьел гIицIго «мекъи щолел пенсияздаса» гурони махIрумлъулел гьечIелъул.

Россиялъул пенсиязул фондалъул нухмалъулесда битIараблъун бихьулеб буго 50 азарго гъурщил хайир моцIие щолел гIадамазда тIад магъало лъезе. Дагьабниги кодолъи бугел чиновниказдa тIад гьединабго магъало боевиказ лъолеблъиги лъиданиги лъалареб жоги гуро. Лъихъеялиго «флешка рехи» йин абула гьелда. Гьединлъидал «флешка рехиялда» бахъараб ццим бецIилъун кколадай хIукуматалъ дол боевикаде щолел пенсиязул мекълъи-

хIажатаб калам

◆ **ГъазимухIамад Гъалбацов**

ЦохIо моцI кенчIола

Анцго соналдаса анцго соналде щибав чияс абулеб батила, унго цо заман хисараб куцилан. Хасго гьаб ахирисеб анцила щугоги – къогоги соналда жаниб цIакъго гIемер такрар гьабуна нилъеца гьеб рагIи. Такрар гьабуна щуго соналдаса щуго соналде. Гьеб рагIи нилъеца киназго зама–заманалдасан такрар гьабула киназдаго заман хисулареблъи лъалеб бугониги. Нилъер пачалихъалда перестройка байбихьунилан бакъ баккичIого хутIичIо, рииялъ их хисичIого хутIичIого, гIазу–цIад бачIого хутIичIо.

Заманалъе, тIабигIаталъе цохIо щибниги лъугьинчIо. ТIабигIаталъе щибниги лъугьун букIинчIо инкъилаб бахъараб механдаги, кIудияб ВатIанияб рагъ байбихьараб механдаги. Киназдаго рагIун ватила нилъер пачалихъалъул гимн кIигониги нухалъ хъварав Сергей Михалковин абулев поэт. СССРалъул заманги битIун кканин дуе, гьанже гьаб перестройкаялъул заманги битIун кколеб бугилан гьесда абураб механда Михалковас жаваб кьун буго, пачалихъалда политика хисунилан Волга гIоралъул чвахи гьоркьоб къотIарабщилан. Гьоркьоб къотIичIо. ЧIегIер гIурулги чвахи гьоркьоб къотIичIо, ГIанди гIурулги чвахи гьоркьоб къотIичIо. Жидерго макъан бачуна гьез кинаб заман бачIаниги. Умумузул заманаялъ рокьи битIичIей яс чияе инарилан кIанцIана гьаб гIорулъе, Хунздерил хан Бахул вас Булачги рехана гьаб гIурулъе, жакъа ГЭСАлги ран турбинабиги лъолел руго гьабго гIуруда.

Заман хисулеб гьечIо, гIумру унеб буго жиндирго нухдасан.

Заман хисуларин нилъеца абурабщинахъе тIад цун бачIуна цойгиги пикру, заман гурин хисулеб гIадан хисулилан. Абула гIадан хун вугилан, яц вац лъалареб заман бачIун бугин, мацIихъабиги хIелхIелчагIаги цIикIкIунел ругин, абула гIаданлъи, яхI, намусго хутIун гьечIин, я кIудиясул адаб гурин, я гьитIинасул хъатир гурин, чилъиго хун бугилан.

ГьечIо. ГIаданги хисун гьечIо. ЧIахIияб гIелалда ракIалда батила магIарулазе цо цIакъ хирияб кечI букIана ва гьеб зама–заманалдасан ахIулаан. ГьабсагIат гьеб кечI нахъе хутIараб бакI гьечIо. Я радиоялда гуро гьеб кечI, я телевидениялда гуро. Гьеб кочIолъ бицунеб букIана кIиго вацас жидерго бищунго гьитIинав лъабабилев вац инсул нахъе хутIараб боцIи сабаблъун кваридаги вухьун кьурулъа гъоркье виччаялъул. Кваридаги вухьун кьурулъа гъоркье гьевги виччан инсуца бищунго гьитIинасе тараб гIиги хурзалги кIиявго вацас гьоркьобги бикьула. Гьеб кIочIода цIар буго **«Кьурулъ хутIарав ГIали».** Гьеб кечI хъвараб ва ахIулеб къагIиадялъухъ балагьун гьеб буго умумузулго умумузухъан нилъехъе щвараб кечI. КIудияб гьереси ккеларо нилъехъе щварал асаразул бищунго цебесеб гьеб батилин абунигицин. Гьеб кочIолъ бицунеб бугебго гIадин жакъаги рагъула вацалги яцалги квартираялда хадур ругониги, рукъзабазда хадур ругониги яги нахъе хутIараб боголъиялда хадур ругониги. Буголъи сабаблъун гIадамазда гьоркьоб кколеб бугебщинаб чIвай–хъвеялъул бицинего кколеб батиларо. Умумузул заманалдаги нилъер заманалдаги гьоркьобги щибха хисараб жо ккараб?

ГодекIанир рукIун ЦIоралъул бицун
ЧIалгIун руго дида гьал гIолохъаби,
ЦIоралде щвечIого давладул бицун,
Рихун руго дида росдал бахIарзал.
КIалцIуца цулъарал багIарал чуял,
ЦIоралде балагьун хIихIилел руго
Азнавурзабазда ругьунал хулчби,
Лъалинирго хутIун, пашманго руго.
Рахъа, гIолохъаби, доре Гъолоде,
ХъахIилаб Алазан багIар гьабизе.
Къачlай, гьудулзаби, Нахъа ЦIоралде,
Капураб Гуржистан бида белъине,
ЦIоралъул мусудул гIарцухъ хисизе.

Мусудул гIарцухъ хисизеян абулеб рагIи буго гуржиялъа рикъарал гIадамал, васал ратаниги, ясал ратаниги тIад русссун эбел–инсуе ричизеян абураб рагIи. Эбел–эмен рес бугел чагIи ратани.

Гьаб кочIол мухъал цIаларабго бичIчIун батила нилъер умумул чабхъад хьвадиялъул хIакъалъулъ хъвараб кечI букIин. КочIодалъун гурони хъвараб тарих нилъер миллаталъул гьечIо. Гьенисан бихьула нилъеда кинал умумул нилъер рукIаралали. Умумуз рикъулаан гIадамал. Рикъизеги рикъулаан гIадамал ва тIад руссун ричизеги ричулаан.

Нилъер заманалда дагьабищ рагIараб лъилалиго вас викъун вугилан? Дагьабищ рагIараб лъилалаги вац викъун вугилан? Хасго араб гIасруялъул ункъоялда анцIабилел саназ. Перестройка байбихьараб заманаялъ гIадамал рикъиялъул гурого хабарго букIарабищ? Дагьавниги ресалда вугев чияс цадахъ яргъид гIуцIарав чи гьечIого лъимер школалде битIуларебг заман букIана. Жакъа къоялдаги, цебе гIадин кутак гьечIониги зама–заманалдасан рагIула пуланав чи викъун вугин, лъилалиго вас викъун вугилан. Умумузул заманалдаги нилъер заманалдаги гьоркьоб щибха хисараб жо ккараб?

Шамил Имамасда сверухъе вукIаравщинав хIелхIелчиясул хIакъалъулъ лъида рагIичIеб? Шамилил нахърател нилъерго магIарулас бикъараблъи лъаларев чи щив вугев? Шамилидаги ХIажимурадидаги гьоркьоб гьабураб мацI лъида лъалареб?

Шамил Имамасул нахърателги, тIахьалги тIад лъураб гьоко бикъи ракIалде щун букIана нижеда мунагьал чураяв Расул ХIамзатовас араб гIасруялъул ункъоялда анцIабилел саназ жиндирго рукъ бикъизе цIогьал жанире кIанцIиялъул бицараб механда. ЦIогьаз босун араб жоялда хадуб ракIхун гуро бицунеб букIараб, гьезда ццин бахъун гуро. Мунагьал чуяраяс гIажаиблъи гьабулеб букIана жиндир рокъоре рачIине кIвеялда, гIажаиблъи гьабулеб букIана гьезул гIодобегIанлъиялда. ГIажаиблъи гьабулеб букIана доб заманаялъ Шамил имамасул буголъи бикъарав чиясда жакъа нилъеца гIажаиблъи гьабулеб бугеб гIадин.

Щибха хисараб жо ккараб?

Хисараб жо ккана. БитIараб буго, заман хисичIо. Гьеб хисизеги хисиларо къиямасеб къо чIезегIан баккулеб бакъги букIина, чвахулеб гIорги букIина. Хисуларо живго гIаданги. Инсанасул гIамал–хасият хисулеб жо букIунаро, анкьицаги, лъагIелалъги хисун бугилан кканиги добго бакIалде тIад буссун бачIуна. Хъачагъги, цIогьорги, хъантIелги, хIелхIелчиги, мацIихъанги кидаго гьединаллъунго хутIула. Щибха цинги налъер заманалда хисараб жо ккараб? Хисараб жо ккана. Хъачагъасеги, цIогьорасеги, хъантIеласеги, хIелхIелчиясеги, мацIихъанасеги нилъеца, жамагIаталъ, халкъалъ кьолеб къимат хисана. Нилъеца гьел рикIкIана бахIарзаллъун. Нилъеца гьел церехъабилъун гьаруна. Нилъеца гьезие гьабуна цIар.

Нилъеца бицен гьабун букIана кIиго вацас жидерго гьитIинав вацги кьурулъе виччан инсул боцIи гьоркьоб бикьиялъул бицунеб кочIол. Гьеб кечI умумузги ахIана, гьал ахирал санал щвезегIан нилъецаги ахIулаан.

Гьеб кIочIолъ бицунеб буго хадуйги ун эбелалъ кьурулъа гъоркье вацаз рехарав жиндирго васасул жаназа нахъе босиялъул. Гьадинал рагIабаздалъун бицунеб буго гьеб.

Чакар бараб таргьа рокьолги цIуна
ЧIагIдал цIураб парчи бидулги цIуна
Гьенисан йилъана гьесул бакIалде.
Инсул гьесий щвараб щунусабго гIи
Щу–щуккун бикьула кIиго тушманас.
Эбелалъул щвараб росда цебе хур
ГIурхъи чIван къотIула кIиявго вацас.
Гьеб гIоларелъубе гьабги босеян,
Рокьол цIураб таргьа цебе рехана.
Гьелъ гIорцIуларел нуж гьалъ гIорцIейилан,
Бидул цIураб парччи цебе чIехьана.

Гьединан лъугIула кечI. Гьеле умумуз боцIи сабаблъун гIадамал чIвалел чагIазе кьолеб букIараб къимат. «**Кьурулъ хутIарав ГIали**» – ян абураб кечI хъварав чияс гьединаб къиматги кьун букIинчIебани, нилъер халкъалъе гьеб къиматги бокьун букIинчIебани, гьеб кечI гьанжелъагIан чIагоги хутIулароан, нилъехъе гьеб щвезеги щолароан.

Нилъер заманалда эбелалъ гьикъизецин гьикъуларо жиндирго васасда дуе гьабгощинаб боцIи кисайин щолеб бугебилан. ЧIухIизецин чIухIула бажари бихьуларищин жиндир васасулилан. Гьеле умумузде дандеккун нилъер хисараб жо.

Нилъер республикаялда зама–заманалдасан кьвагьи бахъуна кибалиго рохьор щалалиго ругила ва гьел гъуризе кколилан. ЛъикIаб хIалтIиги тун, лъикIаб магIишатги тун чи рохьове унаро. Рохьор ругел гIадамазе лъица бугониги гIарцудалъун батаниги цойгиги сундалъун батаниги кумек гьабулеб гьечIони рохьов чи вакъуца хола. Амма рохьор ругел гIадамал холел гьечIо. Кин хутIулеб эбелалда жиндирго вас кив вугевали лъачIого? Васасениги, васасухъан рокъобениги бачIунеб хайир гьечIони эбелалъ рохьоб лъимер толаро. Жийго рохьое хадуй яхъунги толаро. Амма нилъер улбул лъималазда хадур рахъунел гьечIо. Гьеле умумузде данде ккун нилъер хисараб жо.

ЛъугIана васасул школа. Улбузул рес рекъечIо гьев цIализавизе, гьев васасулги лъай гIечIо. Ана армиялде. Вуссана. Щиб гьев васас гьабизе кколеб? Яги лъугIизабун школагун лъугьана институтазде, университетазде, нилъер республикаялда гьел бокьанагIан руго. Те Дагъистаналда вугевщинав гIолохъанчиясул тIадегIанаб цIали бугилан. Кире гьел инел? Диплом кодов ккуравщинав чиясе хIалтIи киса бахъилеб? Бокьараб бакIалде уна гIолохъанчи гIарац щолеб бакIалде. Рохьовеги уна. Лъица бугониги гIолохъаби рохьоре унилан гIарац кьолеб батани ва гьенире гIолохъаби унелги ратани пачалихъалъ щай гьелго гIолохъабазе гьебго гIарац кьолареб инчIого рукIине гIоло. ГьедигIан цIакъ рохь хириял чагIи ратиларо гури гьел? Нилъер пачалихъалда гIарац гьечIогонищ?

Ралел ресторанаалги, хъулбиги ва цойгидалги бакIал рихьараб механда пачалихъалда гIарац гьечIилан абизе бачIунеб гьечIо. Рохьаздеги рахъинарун хъачагълъи гьабизе гIолохъаби тIамизе гIоло цойгидазда кIолеб буго гIарац кьезе, нухал рахъизе ратаниги, кьоял лъезе ратаниги, лъим бачине батаниги, ахал чIаго гьаризе ратаниги гьелго гIолохъаби тIамизе кIолеб гьечIо гьебго гIарацги кьун нилъер пачалихъалда. Пачалихъалда гIолохъаби хIалтIизе тIамизе кIолеб гьечIо, щайгурого гьел гIолохъабазда тIад тарав бригадир вукIаниги, камандир вукIаниги, начальник вукIаниги, директор вукIаниги циндаго бечелъизе лъугьуневлъидал. Лъим бахъулеб бакIалда хIалтIарав гIолохъанчиясухъе гуро гIарац щолеб, гьеб щола гьесда тIад тарав начальникасухъе. Гьес бикьула. Кин бикьулебали бицине ккеларо. ГIолохъаби чIахIияздаса ракIал рацIцIадалги рукIуна, ритIухълъи бокьулелги рукIуна. Гьезда хехгого бичIчIула лъица щиб гьабулеб бугебали. Гьелъин пачалихъалда гIолохъаби хIалтIизе тIамизеги кIолеб гьечIеб.

киналго занахъ...

Амма нилъер умумузда кIолаан. Умумул жидерго лъималазда цере рацIцIадал рукIана.

Нугъаязул рищун чуялги рекIун
Чергесалда рищун тIад кьалалги чIван,
Гъабарти буртаби нахъаги рухьун,
ЦIан рихьун хвалчаби чархидаги ккун,
Кьвагьун рихьун хъирмал хъатикьеги ккун,
Кьабун рихьун хунжрул рачлихъги рорчун,
Цо магIарулазул гьитIинаб къукъа

Къачана цIоралде, Гуржистаналде,
Гуржиязул боцIул давла гьабизе,
Таватил мусудул асир гьаризе.
Къокъадул бетIерги Рекъав Ражбадин,
Рохьазда хьвадулеб гъалбацI гIадинав.

ТIубанго цIаличIониги бичIчIун батила гьеб буго Рекъав Ражбадиние рецц-бакъ гьабун хъвараб, чабхъад рахъиналъул кечI. Гьениб бихьизабулеб буго Ражбадинилги, Ражбадинида цадахъ рукIарал гIолохъабазулги бахIарчилъияльулги, гьезул яхI намусалъулги. Гьединаб тарбияги кьолеб буго гIун бачIунеб гIелалъе гьеб кочIол авторас. Нилъеда гьесул цIар лъаларо. Амма бахIарчилъиги кIиго батIияб букIуна. Цо бахIарчилъи буго дуде тушман вачIараб мехалда данде вахъин, цойгидаб буго расги гIайиб гьечIев чиясде тIадеги кIанцIун гьесул бугебщинаб нахъе бахъи.

Араб гIасруялъул ункъоялда анцIабилел саназ гIолохъабаца тIаса бищана батIиязухъа бахъулеб мехалда бихьизабизе кколеб бахIарчилъи. Гьеб заманаялъ бачIана нилъехъе рэкетилан абулеб рагIи, счетчикилан абулеб рагIи, киллерин абураб рагIи ва цогидалги рагIаби. Счетчикин абулеб рагIиялъул магIна букIана дуца налъи гьабун босараб гIарац заманалда тIад буссинабичIони гьеб дур налъи къойидаса–къойиде цIикIкIунин абураб. Гьединан цIикIкIинабун бахьизеги бахъулаан. Гьанже цебечIезабе умумузул заманаялда мискинчияс рес бугесухъа босулеб буго сахI ролъул нахъе кьезегIан. ЦIараб къоялде бажарулеб гьечIо нахъ буссинабун. Лъималги ракъун рукIун хъизаналъ цо хинкI цIикIкIун гьабун буго. ЦевечIезаве дов рес бугев чи гьев мискинчиясухъе вачIунев жакъа сахI ролъул нахъе кьечIони метер кIиго бахъилин, метерги кьечIони лъабго бахъилилан счетчик рагьизе вачIунев. Умумуз гьеб жо гьабулеб букIанилан абулеб рагIуда божизе бачIунеб гьечIо. Киллер абулеб рагIи ккола гIадамал чIвалев чийин абураб. Гьединаб хъулухъха чиясул. Мисалалъе дур тушман ватани дуца ахIула гьев цо киллерин абулев чи, кьола гьесие гIарац, витIула дурго тушман чIвазе. Гьединан гIемерав чи чIвана нилъер. Цебе чIезабе гьанже Рекъав Ражбадиница жиндирго тушман чIвазе гIарацги кьун чи витIулев. Щаяли лъаларо гьебги цебе чIезабизе кIолеб гьечIо.

ХIисаб гьабураб мехалда умумузе батIалъи букIун буго киб бакIалда кинаб бахIарчилъи бихьизабуниги.

Шамилил рагъул заманалда Дагъистаналда вукIарав гIурусазул офицерас хъвалеб буго гьадинан. Ав вукIун вуго лъарал рагIалдасан унев. ГьитIинабго лъар букIун буго. Ярагъги букIун гьечIо кодоб. Циндаго лъарал добцояб рахъалдасан, хъархъальан ваккун вачIун вуго мегежги тарав, мискинго ретIа–къарав, хIалакъав магIарулав, хулжиниса бахъун хъатикь ханжарги ккун. Кодоб ярагъги гьечIого, хIинкъун гьанже чIванаха ас дунилан магIаруласухъги валагьун гIунун чIун хутIун вуго гIурусазул офицер. МагIарулавги чIун вуго гьесухъ валагьун кивейин гьанже ав ворчIилевин абураб гIадин. ГIурусазул офицерас кисинисаги бахъун, вуцIцIун чIун лъарал доб рахъалдехун рехун буго къакъа–шашараб щуго гъурщил кагъат. МагIаруласде цебе рехун буго. Доб заманаялъул щуго гъурущ. ТIад хIетIеги чIун, хIаршулъ гьеб щуябго гъурущги къазабун, хадув валагьун офицерги тун хъархъалъе тIерхьун ун вуго магIарулав. Гьеб жо буго бахIарчилъи.

Щай гIурусазул офицерас гьединан жиндирго ккараб лъугьа-бахьин бицараб? Щай Толстояс ХIажимурадил хIакъалъулъ къиса хъвараб? Толстоясе къваригIарв чи вукIинчIо ХIажимурадги, ХIажимурадил тухум-кьибилги, гьес гьабулебщинабги. Толстоясда рихьулел рукIана жиндаго сверухъе ругел гIадамазул хIалихьалъи, Толстоясда бихьулеб букIана жиндаго сверухъе ругел гIадамал, дворянал, офицерзаби, щибаб сордойил балазде, кьурдизеги хьвадун, рогьинегIан шампанскийги гьекъон рукIунеб куц. Гьесда рихьулел рукIана офицерзабаз гьерсал рицунеб куц, гьесда бихьулеб букIана гьел хIелхIедулел куц. Толстоясе ХIажимурад вукIана живго гIадал офицерзабазе мисалалъе вихьизавизе чи. Гьале гьадинал яхIги бугел, рагIиги кколел, хIинкъи-къай щибалиги лъаларел рацIцIадал рукIине кколин гIадамалин абизе гIоло хъвана Толстояс ХIажимурадил хIакъалъулъ къиса.

Жакъа къоялдаги хIажат буго нилъее батIияз нилъее кьолеб къимат. Нилъго нилъецаго гуро реццизе кколел, умумул лъикIал рукIанин, бахIарчиял рукIанин, нижер гьединаб цIакъаб халкъ бугилан. Нилъ реццизе ккола батIияз. Гьелде бараб буго нилъер рукIа-рахьинцин, республикаялъул экономикацин. Нилъерго рохьаздаги рукIун хъачагьлъиялдаги ругони, Москваялде къватIире рахъун доба рэкетлъи хIалебги бугони, добаги чабхъад хьвадулел ругони нилъедехун бербалагьи батIияб букIуна.

Жакъа ругел Толстояз нилъер хIакъалъулъ къисаби хъваларо.

Чабхъад рахъиналъул хIакъалъулъ кучIдул ахIулебго механда нилъер магIарухъ бижана цойгиги къиса ва гьеб нахъе цIунун хутIана жакъа къоялде щвезегIан. Школа лъугIаравщинав чиясда гьеб лъала, амма жибго гьеб къисаги, гьелъул магIнаги кIочон тола. РакIалде щвезабилин.

Унсоколоса чиясул Гуржиялъ вукIуна гьобол. Гьоболлъухъ араб бакIалда Унсоколоса чияс жиндирго гьоболасул вас, гуржиясул вас чIвала. ЧIвала лъачIого. Гьоболас, гуржияс абула унсоколосесда, нужер гIадаталда рекъон дуца дихъе чIвазе вас витIизе кколилан. Бидухъ би. ГIадат цIунизе кколев унсоколосес витIула вас. Гуржияс тIад буссун битIун бачIуна васасул бидул цIураб ретIел. Ругьелги битIула гуржияс магIаруласде дур вас гьитIинав чи вукIанин дир вас гIолохъанчи вукIанин, довцояв васги витIейилан. Унсоколосес росдал жамагIаталда данд бала. ЖагIаматалъ абула гуржияв витIарав вугин, бидухъ би – ян абулеб гIадат хвезе тезе бегьуларилан. ВитIула кIиабилев васги ва гьесулги тIад буссун бидул цIураб ретIел бачIуна. АнцIго–анцIила щуго сон гьоркьоб араб механда гуржиялъе щварав магIаруласда жиндирго кIиявго вас гуржияс хьихьун гIолохъаби гIун чIаго ратула. Киназдаго лъала гьеб къиса. Гьеб ккола Унсоколоса ХIожол ХIожол къиса. Гьеб къисаялъул магIнаги ккола бидухъ–би– ян абулеб гIадат гьедигIан цIакъ беццизе ккараб гIадат гурин абураб. Гьеб къиса бижана магIарухъ, чабхъад рахъиналде гьарурал кучIдул ахIулел ругел гIадамазда аскIоб. Гьеб къисаги, гьел кучIдулги кIиялго нахъеги хутIана. Нилъее кьолеб кIиго гIакъулу бугилан те. Яги кIанцIун тIадегун лъималги рикъун, хъачагьлъиги гьабун, лъицаялиго кидаялиго дир щивалиго чIван вукIанилан цоцаз чIвалел рукIа, яги гуржияс гIадин жиндихъего чIвазе ритIаралцин лъималги хьихьун гьелги гIезарун рукIа. КIиго гIакъулу кьун буго умумуз, бокьараб босе.

ХIакъикъаталдаги, нахъе хутIарал биценазухъ гIин тIамураб механдаги, умумуца нахъа тарал кучIдузул хIисаб гьабураб механдаги, нилъер умумул бахIарчиял чагIи рукIун руго. БахIарчилъи бихьизабулеб букIун буго чабхъад араб бакIалдаги, тIаде тушман вачIараб механдаги. Нилъерго бахIарчилъиялъул хIакъалъулъ ахIулел кучIдулги рокьула нилъее.

Амма нилъеца хIисабалде босуларо рос вугониги, вас вугониги, вац вугониги чабхъад вахъунеб механда эбелалъги, яцалъги, лъадуцаги гIодобе тIунщинаб магIу. Гьединго нилъеца гIадахъ босуларо чабхъадаса руссинчIел гIолохъабзде гьабурабщинаб магIу.

БуртIин ккун бищаяб дир кваранаб квер,
Капурас бахъизе ретIел букъараб.
Керен ссун бахъаяб ургьиб гьинал ракI,
ГIалхул тулбуз квине тайлан хьихьараб.
Вай, дунги цIумлъаги, цIобалъул Бечед,
ЦIоробе гIебеде гьава гьабизе.
ЦIудулги тIинчIлъаги, мун ТIадегIанав,
Закаталанибе руссен гьабизе.
Цо дир гьудуласул чакаралъул гьан
Чан–чан гъветIалдедай гъадид босараб?
Дир лага чергесил магьидул рукьби
Чан–чан кIкIалахъедай иххид босараб?

Гьединан гIодана аза–азар чIужугIадан.

Жакъа чIужугIадан батIияй йиго. Гьелъул магIна кколаро вацасдаги, васадаги, росасдаги хадур гIодуларин абураб, гьелъул магIна ккола чIужугIаданалъе эркенлъи щванин абураб. Сауналда ругел руччабазул гуро бицунеб бугеб, бицунеб буго бихьиназдаса къун чIеларилан хъулухъазда хадурги, магIишаталда хадурги лъугьарал, рукъалдасаги, хъизаналдасаги цебе кабинет кколел руччабазул. Гьединаб тарбия кьуна нилъер пачалихъалъ гIун рачIунел ясазе, гьел ясазул рахъана улбул ва гьезги гьединабго тарбия кьуна жидерго ясазе. Нилъеда лъала рокъоб эбелалъ лъималазе кьолеб тарбиялъул бугеб кIвар.

Васалги ясалги цIалулел руго цадахъ, цо школалда, цо классалда. КIияздаго малъулеб буго Наполеон кутакав полководец вукIанин яги Македонскияс башдаб дунял бахъанилан. Гьеб буго васазе кьезе кколеб дарс. Ясазда бичIчIизабизе ккола Наполеон сабаблъун аза–азар улбузул магIу бакъвачIин, гьев сабабалъун каранда бугеб лъимерги нахъе тун руччаби гъурулел рукIанилан. Гьединго бичIчIизабизе ккола Македонский сабаблъун тIураб магIу жеги бакъвалеб гьечIилан. Пачалихъал рагъулеб бакIалда кинаб пачалихъ бергьаниги гьеб буго биги, магIуги, ракъиги, къечги, гьаричIого хутIарал лъималги. Гьеле чIужугIаданалда бихьизе кколеб жо.

Гьаб макъалаялъул байбихьуда нилъеца бицун букIана гIадан хисуларилан. Улбузда релъарал рукIуна нилъги. ЧIалгIаде гуреблъидал нилъер халкъалъул кици бугеб эбел гъотIоде яхарай ятани, яс гIаркьалбаздасан унилан абураб.

Нилъецаго абухъе киданиги хисуларев инсан нилъеда гьаб макъалаялдалъун хисизавизе кIвеларо. Гьединго хисизабизе кIвеларо нилъер халкъалъ, жамагIатаз кинаб бугониги ишалъе кьолеб къиматги. Гьединго гьаб макъалаялда кIвеларо нилъер гIумру тIад буссун умумуз нухде бачинеги, цIидасан руччаби корохъе ритIизеги, бихьинал чабхъад хьвадизаризеги. КIунги лъикI гуро. Нилъер пачалихъалъги, республикаялъги нух бахъана къватIисел пачалихъазде, бихьана гьезул гIумру, бичIчIана цохIо нилъго гурелги батIи–батIиял халкъал рукIинги ва жиде–жидер гIадатал гьезул рукIинги. Бихьана батIиял халкъаз, батIиял пачалихъазда гьел жидерго гIадатал гьез цIунулел ругеб куцги, нилъееги жидеегоги гьез кинаб къимат кьолеб бугебалиги. БичIчIана гъежде рехун пандургун, бахъун ханжаргун нилъ рикIкIаде унареблъи, лъай къаригIунеблъи, гIакъулу къваригIунеблъи, рухIияб рахъалъ цере тIезе кколеблъиги.

РухIияб рахъалъ цере тIезе кколин абураб мехалда чара гьечIого пикру цIан уна диналдехун. Нилъер пачалихъги мажгитги батIа–батIаго буго. Амма инсанасе кьолеб тарбияги, гьесул рухIияб рахъ цебетIезабиги кIиязулго гIаммаб ишги буго. ГIадамаз гIумру гьабун буго пачалихъалда жаниб, мажгиталде жанireги гьелго гIадамал хьвадула. Диналъ къиматги кьола нилъер рукIа–рахъиналъе, диналъ бечед гьабула рухIияб гIумру, диналъ вацIцIад гьавула инсан, диналъ абула квешалда квешабин, лъикIалда лъикIабилан. Гьединан абулел чагIи жалго рацIцIадал ругони.

ЧIикIаса Парзулас жиндирго гIи гочинабулеб мехалда кинаб росульан гьеб гочинабулеб бугониги гьеб росдал жамгIаталда лъазабулеб букIун буго каваби рагьун теян, гьеб кавудухъан жанибехун ккараб гIиялъа жо нужее хIалалаб бугилан, лъил кавудухъе ва чан гьеб кканиги. Цо пуланаб росдал дибирас ЧIикIаса Парзуласда абун буго гьединан цебе ккара-ккаралъубе биччачIого гIи дихъе тейин гьеб бикьизе. Жинда лъалин гьаб росулъ кинав мискинав вугев, кинав бечедав вугев, бесдалал щал ругел, лъие гьеб хIалалаб бугеб – ян. ЧIикIаса Парзулас абун буго дуца бицунеб битIараб бугин, дуда дун божулин, амма дудаялдаса Аллагьасдаги божулилан.



Дида ХIабиб Давудов кватIун рагIана, гьебги тохлъукьего цо газеталда батараб кечI цIалун хадув лъана гьединав поэт вукIин. Чанго мухъ цIаларабго бичIчIун букIана гьесухъе шагIирлъи букIин, амма гьел кучIдул, гIемерал гьоркьохъел кучIдузда гьорлъа тохлъукьего рорчIарал ратилин тун рукIана дица. ТIад вуссун цIаларабгоги, гьев жиндир поэтлъи бугIун цеве кIанцIоларев вихьарабгоги, ХIабиб Давудов хIакъикъияв поэт вукIиналда дир пикру щулалъана. Бахчун щай, дида живго автор лъикI лъалев чи гуро, амма жакъа аваразул поэзиялда гьорлъ пикруги бугеб, рекIел асарги бессараб шигIру – кечI батизе кIвеялдаса ниж роххарал руго. Гьединаллъун рихьула ХIабиб Давудовасул кучIдулги. ХIор букIараб бакIалда хIари камуларин аби буго магIарулазул. Гьеб пикру тасдикъ гьабулеб буго аваразул бечедаб кочIол ва шигIруялъул нахърател жеги хутIун букIин бихьизабизе гIадин жакъа нижехъе щварал ХIабибил кучIдуз. Бокьилаан «Миллат» газеталъул цIалдолез жидедаго рагIарал, цIалулел, ахIулел аваразул кучIдул ва пасихIаб калам редакциялде битIани. Жакъа цIалдолезул диваналде восулев вуго поэт ХIабиб Давудов ва гьесул асарал.

Редактор.

Цолъе, магIарулал

Гъункарал, цолъарал мугIрузда гIурал,
МагIарулал щай нилъ рикь- рикьун ругел?
Кьолбол кIодолъидул бицун гIолебищ,
ГIаданлъиялъ тараб тахидаги чIчIун.

Дун миллатчи гуро, милат гьечIого,
Дирго миллат толев манкуртги гуро.
Амма, магIарулал, мугIрузул мисал
Босизе кватIани кире нилъ ккелел?

Умумаца нилъей ирсалъе кьечIищ
Шамилил хвалченги, Расулил кечIги,
Кавказалъул рокъоб магIарулаца,
МагIнаги намусги мисаллъун течIищ?

Жакъа щай нилъеца къадруялдаса,
Къолден хъантIиялъе бахъизе кьураб?
Кьвариги , ияхIги, бахIарчилъиги,
БахIрияз нохъода къотIизе тараб?

Гьел хъалабахъеги, хъулухъаздеги,
Хъурщизе щай кколел нилъ накабазда?
Кьурабаз нилъехъе цIунизе кьураб,
Кьолбол къадруялъул къимат щай гьечIеб.

ХIакимлъуда ругел магIарул цIогьал,
МагIарулал нилъей цIарлъун щай ругел?
ЦIодорал харбазухъ улка хъарсулел,
Хъурмал щай цIунулел мацI нилъер букIун?

Нилъ рикъулел руго рикь - рикьун рукIун,
Рехъалъан рачунел чахъаби гIадин.
Цолъизе кIвечIого нилъ чIвалел руго,
ЧIегIер бан хьвадизе гIагарлъиги тун.

Мискинлъулел руго бечелъанагIан,
Бечедал гIадатал гIодор таралго.
ГIемерлъанагIан нилъ дагьлъулел руго,
Данделъизе ресал ратуларого.

Нилъ цолъизе ккола, цойгидацаги,
Нилъедаса мисал босеян абе.
Нилъ рекъезе ккола, рекъелгун ваццлъи,
Даимлъизе ккани Дагъистаналда.

Рамазан ПабдулатIиповасухъе кагъат

Дир гьудул Рамазан, Дагъистаналда,
Дуда лъалеб бугищ билун буго их.
Хасалил квачаялъ керенги цIорон,
Кавказалъул кIкIалахъ холеб буго гьеб.

Гьелъул шекъер буго шакъалабаз ккун,
ЩукIдул тIутIун руго тIад тарал бацIаз.
БецIцIулеб биялде тIинкIулеб магIилъ,
ТIурачIел анищал руго гъанкъулел.

Цебе канлъи гьечIеб, нахъе нух гьечIеб,
Нохъода рехъенлъун къотIун бугеб халкъ.
Гьезий кумекалъе квер битIанщинал,
Киллераца гIужий руго росулел.

ЧIван лъугIулеб буго лъикIаб кинабго,
ЛъикIал гIадамалги, гIадатги, яхIги.
ГIагараб ракьалде рокьиялдаса,
Рокьукълъи цIикIарал цIан руго тIаде.

Росабалъ хIалтIулел хIама гьечIого,
ХIамил багьа гьечIел мерседесазда.
ЧIахIиял кIалгIабахъ, цIогьазул гъастIа,
ЦIаялъ цIуллъун буго бухIулеб намус.

Беццлъараб гIаламалъ, гIинкълъараб векалъ,
ГIарацги хъулухъги буго ханлъун тун.
ЦIодорлъиялдаги цIулъиялдаги,
Гьоркьоб гIурхъи буго биххун цебего.

ГIиял рехъен буго нахъ буссинабун,
Нахъ букIараб шокълъи щун буго цебе.
Замана хисулел зулмучагIаца,
Залимаб гьир буго халкъалда тIад бан.

Васал чIварал улбул, чIегIер бахъичIел,
ЧIегIер байрахъаллъун руго мугIрузда.
МагIирокъоб берталъ буго кьурдулеб,
Кьурабалъ бижараб халкъалъу чIухIи.

Будун, дибирзаби дарам базаралъ,
Диналде руссине заман гьечIого,
Заманалъул рокъор рарал мажгитал,
Миллатазда гьоркьор руго рикь-рикьун.

ШагIирзаби гьечIо, шигIру тIагIана,
БетIербахъуд арал тIад буссинчIо гьел.
ТIад ругезда сверухъ тарщал кинигги,
Тирулел хутIана гьезул рагIадал.

Адресал загьираб, багьа бахчичIеб,
Базарахъ бичулеб хъулухъги цIарги.
«Хъизамаз» хисулев ханзабаз гIадин,
Халкъалда тIад толев жидерго вакил.

ТIурулеб бахIридул магъида бараб,
Махул банка буго жакъад Дагъистан,
Гьелъул ракьухъ гуреб ракьалда ругехъ,
Россиялъул хIаким гьечIо ургъулев.

Рамазан, бице дий, щиб такъсиралъухъ,
Къулизабун бугеб бахIарчияб халкъ?
Гьаб биги, магIуги, гьал гIазабалги,
ГIайиб лъида букIун рещтIараб тIаде.

ГIумруги гIажалги цоцалъги рекъон,
Къисматалъул тIохде хъвалеб гIазу шиб?
Щайха мажгитахъги, мажлисабахъги,
Кумек гьаранагIан гьури цIикIунеб?

ЧIаго хутIулезда холел гурхIулел,
ГурхIелги рахIмуги биларабе кибе.
Кумек гьабейилан гьардолеб миллат,
Милат гьабичIого щай хутIун бугеб?

ГIодулел мугIрузул магIу бацIцIине,
РацIадал кIверазул кир нилъер васал?
Каранда ригьарал ругъналде щвазе
Щайха батулареб дару лъидаго?

Лъаларо, Рамазан, ихги, хинлъиги,
Нилъер тIалъиялде тIокIалъ швелебдай.
Щобазул каранда кунчIилебдай бакъ,
Бакъ ккурал накIкIалгул рекъон бугин халкъ.

ЯхI бухIулеб махIалъ махIцинабураб,
МахIачхъалаялда гIазу буго бан.
Жибго тIабигIаталъ, тIокIалъ мун гьечIин,
ТIад цIараб мусрулъун Дагъистаналда.

Дунги чIаго вуго, чIвадарухъабаз,
ЧIегIер сияхIалда цIар ахIизегIан.
Амма къуркьиларо, къабихIлъиялъе,
Къарал кьурабазулъ бижараб дир кечI.

Сордо лъикI, Рамазан, зодил щобдасан,
ЩинкIизе къачIалеб буго хаслил моцI.
Къварилъила цIваби, жалго хутIидал,
Жибго хутIун бугеб дир халкъ кинигги.

Кверал гьечIеб хIукумат

**ГьедигIан инжитго данде гьабураб
Дунялалъул боцIи бакьанго гуро.
Мискинзаби гуккун кодобе щвараб
Шагьи-параялда дун урхъуларо!**

ЦIадаса ХIамзат

Бакъул бухIи цIикIани,
ЦIад гьаризе унаан.
ЦIогьаздаса дир улка,
Эркен гьабе, БетIергьан.

БоцIи чIвалел хъурмузул,
Цебе кIал бухьулаан.
ВатIан буго бикъулеб,
Къотlе цIогьазул кверал.

Лъала гьеб бегьуларин,
АхIтIела либералал.
Квер гьечIел хIакимазул,
ХIукумат нилъей щаян.

Квер гьечIел министерал,
Квер гьечIел депутатал.
Районгун шагьаралъул,
БутIрул кверал гьечIого.

Квер гьечIел казначиял,
Компаниязул бутIрул.
ХIатIаз гъулбас гьабулел,
Ректорал, директорал.

Квер гьечIел рукъзал ралел,
Квер гьечIел нух къачIалел.
Квер гьечIел тохтораца,
Сах гьарулел унтарал.

Меседил квералги гъун,
Канарахъ алигархал.
Кверал гьечIел данделъун,
Давосалда саммитал.

ЦIогьазе нухал кьолел,
Дибирзаби квер къотIун.
Квер къотIаразе гурел,
Инарилан чIчIун ясал.

Честь кьезе квер гьечIого,
Киналго военкомал.
Квер къотIаралъуб бацIун,
ГАИшниказ чараб тIил.

Прокурор квер гьечIев,
Судьяби кверал къотIун.
Жалго квер къотIулелцин.
Цо кверал гIаштIиги ккун.

Цо кIудияв хIакимас,
Бицана дида балъго.
Нилъер тIадругезулги,
Кверал къотIизе кколин.

Кирго къотIарал кверал,
РукIина къватIабазухъ.
КъватIул тарщаз рахъ-рахъалъ,
Рехъерхъулел, хъарсулел.

ГIарцухъ бичулеб намус,
БоцIухъ хисулеб тухум.
Ракъаразухъа бахъун,
ГIорцIараца кунеб чед.

Квер къотIараз цIунулеб
Кверал гьечIезул туснахъ
ВацIадав, бикъуларев,
Вакъун вугеб замана

Кверал къотIарал гурел,
Хъулухъазда тогеян
Хъвараб балъгояб указ,
Контролалда лъун кибго.

Гьедин буго, гьудул, иш,
Гьанже дир ватIаналда.
Квер къотIизе кватIани,
БутIрул къотIизе кколеб.

Гьел къотIизе кватIарал,
Квераз бикъулеб улка.
Улкаялъул бутIрузде,
Бугеб халкъалъул божи.

Гагу, рикIкIунге дий, хутIарал сонал

МугIрузда чIунтулел росаби руго,
Росу кIочаразул намусгун цадахъ.
Росдал къватIабазухъ рещтIараб бецIлъи,
Беццлъарал ракIазухъ буго гIодулеб.

Гагу, рикIкIуге дий, хутIарал сонал,
Хвана дун цевего, гьечIо дун тIокIалъ.
ЧIунтулеб дир росу, гьеб буго дир хоб,
Биххараб инсул рукъ, буго дир зани.

◆ Закир МУХIАМАДОВ

Прохоровги, кIодоги, Роберто Карлосги

Прохоров абурав гIурусазул олигарх вачIун вугоан нижер росдал клубалде. Давайила, бокьараб вопрос кьейила, все решу - ян абуна гьев чияс.

ТIоцебе квер борхана дир кIодоца. ХIурматияв пирзидентин гьелъ абиги, залалда гIодор чIарал гарамотный избирателазул релъиги цадахъ ккана. КIодо мекъи ккей рекIее гIуна олигархасе, ничево бабушкаян бугатти – вейрон машинагун Роберто Карлос кьуна гьелъие. Баркала гьалмагъ пирзидент, бугелда баракат лъейги, хер баччизе кканиги, ролъул хъап лъезениги гьаб бугъаги бегьунгутIи гьечIо, Карлосги хадув гьавун тIаде яхъана кIодо, цо гьаракь рагIизабулеб гIиндаххелги кьун букIарабаниха дир васин нахъойги Мишахъ ялагьана. Прохоровас гьиштIарабго гьури гIадин Таня Голикова ячIана подносалда слуховой аппаратги лъун.

Хадусеб рагIи имгIал ЖахIбарие щвана, кIодо кIоченаюлел жал чухIулев вукIана, цо Порш–каенги кьун нахъе витIе гьев чиян абуна Прохоровас. Жиндие цIияй чIужу къварегIун йигин

нунудилев вугоан нуцIил кIалтIаги чIун. Цо заманалдаса Маша Распутина йигоан гьесул Каеналда рекIуней. ЦIияй лъадуда магIишат бихьизабизе ана ЖахIбар, сараялъул кIалтIа Каенги лъун Машал лъай-хъвай гьабуна анкьго чахъдалгунги, Машаца речIчIизе ккол-ел гIачиязулгунги, кIалтIа хIапдолеб Аргъутилгунги.

Машагун гIачи цоцазул махI сунтIулел ругеб механда клубалда бикьулеб бугоан магIишат. Берал хъвалисарав АхIмадие мерседесги, цIияб берги кьуна. Дир мадугьал ИзахIат йигоан гьитIинаб Пежоялъул рулалда нахъа гьенкьолей, меседил цабиги щун ругоан гьелъие. Дидехун щун букIана ирга, дун гьечIоан залалда, клубалъул довехун ун цо букIнилъ бугеб хъархъида нахъа тIаждал рухьенгун кваквалев вугоан, хIажатханаялде цо кьарияв чи ун вукIана, вабабай гьес бараб щинаб мех… ХIалибалихъе тIаждал гIадлуги гьабун, тIад вуссарабго зал чIобого бугоан. КъватIиб бугоан машинабазул сигналаз росу босун унеб, кинабго жамагIат рекIун ругоан машинабазда. БилбагIараб вертолеталда рекIунев Прохоровасда хадур ругоан сигналал. КIодо йиго ахIдолей диде: «Гъов жеги вачIина, дир месед, абун…». Дун гIекгIекиялда гIодулев вукIана,кIодоца аскIое ячIун квер бахана ботIрода: «окашкаби лъугIана дир вас, дида макьилъ бихьана дур рукъ букIине буго Нью-Йоркалда, гьаб апараталхIа абун гьедана кIодо. Гьеб квартираялда лъезе бугеб мебелалъул хиялазда дун вукIаго цо гIабдалзабазул звоноказ макьидаса ворчIизавуна, макьилъгIаги битIун ккол-ебани. Прохоровасдаги кIододаги ццин бахъун тирана доб къо шагьаралда…

КунчIиладай «Анжиялда» цоги «цIва»?

◆ Ума ИсхIакъова
Радио «Эркенлъи», Прага
www.radioerkenli.com

«Футболалда бокьараб жо ккезе рес буго, киданиги лъаларо метер щиб букIине бугебали, гьединлъидал цо пуланаб къоялъ дун хIазе Россиялде ун вугин рагIани, гIажаиблъи гьабуге», - гьедин абун буго дунялалъул машгьурав футболист Криштиану Роналдоца Россиялъул «Спортсбокс» сайталъе кьураб интервьюялда.


Криштиану Роналдо

Гьел лъазабияз цоги нухалда ракIалде щвезабулеб буго Дагъистаналъул футболалъул «Анжи» командаялда дунялалъул футболалъул цIваби хIалел рукIин. Руго гьелдаса роххаралги, гьеб рекIее гIоларелги.

Россиялъул милиардер ва Анжиялъул хважаин Керимов Сулейманица Миланалъул клубалдаса восарав Камеруналдаса Самюэль ЭтоО вуго дунялалда бищунго гIемераб гIарац кьолев футболист. Испаниялъул «Барселона» ва Италиялъул «Интер» командабазда хIалев вукIарав гьев Анжиялде хIазе вачIана исана август моцIалда. Клубалъул пресс-хъулухъчи Александр Удальцовасул баяназда рекъон, ЭтоОл трансфералъухъ кьун буго 21 млн евро ва цо сезоналъухъ гьесие кьезе буго 10 млн евро. Цеве дунялалъул футболистазул бищунго цIикIкIун гIарац щолев вукIарав Мадридалъул Реалалдаса рав ва 2000 соналда Сиднеялда Олимпиадаялда бергьарав ЭтоОца абун буго жиндие щванин щвезе бегьулелщинал шапакъатал, гьанже жиндие бокьун бугин жиндир карьералда цIияб этап байбихьизейин. ЦIияб «Анжи» командагун А-ялдаса Я-ялде щвезе бокьун бугин жиндие ва гьеб тарихалда жиндирго цIар хъвазе щвеялдаса жив талихIавги вукIине вугин. Гьесул гьеб таваккалалда гIажаиблъи гьабулеб буго гIемерал футболистаз.

Камеруналъул миллияб командаялъул голкипер Жозеф Антуан Беллица абун буго «Нью-Йорк Таймс» газетаялъе гьеб лъидаго лъалареб командаялде ине ЭтоОца гьабураб хIукмуялъул магIна бугин жиндирго бажари гIадада хвезабизе гьабураб хIукмуялда релълъарабин.

Гьеб пикруялда тIубанго разияв гьечIо «РТР-спорт» каналалъул мухбир ЛатIипов Мурад:

«Дица рикIкIуна гьес жиндирго бажари Дагъистаналда ва Россиялда тIибитIизабулеб бугин. Гьелдаса нилъее букIине буго гIицIго пайда. Жиндирго улкаялъул тIаса бищараб командаялдаги гьанже «Анжиялдаги» хIан бихьизабиларищха гьес футбол хIазе жиндир бугеб гьунар. «Анжигун» Европалъул Кубоказда хIазе рес щвани, ЭтоОца жиндирго бажари цебегогIадин халкъазда гьоркьосеб даражаялдаги бихьизабизе буго».

Дагъистаналда тухумчилъиги, бизнесалда гьоркьоб къецги, сепаратизмги, такъсирчилъиги, хъамалчилъиги цоцалъ бессун бугин, гьединаб хIакъикъатги гьениб цебегоялдасаго бугин хъвалеб буго Нью-Йорк Таймсалъ.

Прессаялда кьолел рагьарал баяназда рекъон, лъагIалие гьоркьохъеб хIисабалда 100 полицияв чIвалин гьенив. Это О вачIунеб къоялъцин, кIиго кьвагьа-гIанхъиги ккун, щуго чи чIван вукIанин гьенив.

Жиндир хIинкъигьечIолъи гIемерал чагIаз чIезабизе бугин, лъималги лъадиги жинда цадахъ гIумру гьабулелги рукIине ругин, цоцо нухалда хIазе МахIачхъалаялде иналъулъ жиндие кIудияб хIинкъи букIинин кколарин абун буго ЭтоОца. Дунялалда машгьурал футболистазул цо Самюэль ЭтоО гурев Дагъистаналъул «Анжи» клубалда хIалев вугев. КIудияб ахIихIур багьарун букIана 2002 соналда дунялалъул чемпионлъун вахъарав Бразилиялдаса Роберто Карлос исана февраль моцIалда Анжиялде вачIараб механдаги. Анжиялъ гьесулгун контракт хъван буго кIигогун бащдаб соналъе. Анжиялъулгун ункъго соналъул контракт хъван буго россиялъул футболист Юрий Жирковасги. Гьесул трансфералъул багьа бахун буго 15 млн. евроялде ва лъагIалие гьесие щвезе буго щугогун бащдаб млн. евро. Анжиялъул футболистазда гьоркьоб 30 процент кколеб буго къватIисел улкабаздаса рачIарал дунялалда машгьурал футболистаз.

ХIалтIи гьечIезул къадар 40 проценталде бахунеб, гьединго Россиялъул дотацияздасан бетIербахъи гьабулеб бугеб республикаялде футболалъул гьединал цIваби ракIариялда гIажаиблъулел руго цо-цоял. Амма рес бугес гIарцуда бокьараб гьабулин абурал «Черновик» газеталъул бетIерав редактор МухIамадов Бияхъайил рагIаби кьолел руго Нью-Йорк Таймсалъ. Гьенибго абулеб буго футболалъул гьединал цIваби жидер клубалда рукIиналдаса Дагъистаналъул футболалъул фанатал цIакъ роххарал ва чIухIарал ругин.

Гьебго газеталъ хъвалеб буго «Анжи» клубалъул хважаин Сулейман Керимовас жиндирго миллиардал гьарунин нарт ва ракьулъа магIданал рахъиялдалъун ва гьанже гьесул буголъи бахунеб бугин микьгогIан миллиард долларалде. Анжи босизелъунги турниралъул сияхIалда тIадегIанал бакIазде гьеб бахинабизелъунги гьес анцIанцI миллион доллар хвезабунинги хъвалеб буго Нью-Йорк Таймсалъ.

КъогогIан соналъ цебе гIуцIараб Анжи Россиялъул футболалъул тIасияб даражаялде ц1идасан бахана араб соналъул риидал. Гьелъие щварал бергьенлъабазул бищунго кIудияб ккола 2000-абилеб соналда Россиялъул чемпионаталда щвараб ункъабилеб бакI.

Гьанже дунялалъул футболалъул цIваби росулел рукIиналъ Анжиялъул хъвалеб буго дунялалъул прессаялъ. Цебе Дагъистаналъул хIакъалъулъ хъвалеб механда кидаго кьвагьиязул ва тIадекIанцIиязул хъвалеб букIун батани, гьанже гьаниб бугеб футболалъул хъвазе бугин ва гьеб кколин ахирисел соназда рукIарал рохалилал харбазул бищунго кIудиябин абун буго Нью-Йорк Таймсалъе телефонал ричулеб тукада хIалтIулев ГIисаев Камиль абулев васас.

Криштиану Роналдо «Анжиялде» хIазе вачIиналъул цебегоялдаса буго бицунеб. Гьелъул тIоцебе рагьун абун букIана Роберто Карлосица исана соналъул авалалда живго гьеб клубалде вачIараб механда. Гьес абун букIана гьанже Анжиялде вачIине Роналдо мукIур гьавизе вугин жинцайин.

Роналдол жиндир командаялъулгун хъвараб контрактги бугин, гIагараб заманалда Анжиялде гьев вачIинги щакаб жо бугин бицана «Эркенлъи» Радиоялъе «РТР-Спорт» каналалъул журналист ЛатIипов Мурадица:

- **Анжиялде Роналдо жеги вачIунев гьечIо. Дида лъала гьесул жиндирго командагун контракт букIин. Киве вукIаниги гьев унев вугин абиги битIараб гьечIин ккола дида. ЭтоО, Карлос рачIун хадуб тIолабго дунялалъ бицине байбихьана Анжиялъул. Гьеб лъикI буго Дагъистаналъеги Россиялъеги. Карьера лъугIулел футболистал Анжиялде рачунел ругин абиги мекъаб буго. Роналдолги карьера лъугIизе жеги цудунго буго. ГIодоса гIодобе жеги 5-6 соналъ тIадегIанаб даражаялда хIазе рес буго гьесул. Анжиялда хIанилан цо-цояз абухъе, ЭтоО ва Карлос гIадал футболистазул къиматги бажари киданиго холаро. Гьез гьеб дагьабги цебетIезабулеб ва тIибитIизабулеб буго.**

Анжиялда Криштиану Роналдо восизе кIвани, гьеб букIине бугин кIудияб иш ва гьеб механда жинца гьеб командаялда цебе тIагъур бахъизе бугин абуна прессаялъе Россиялъул командаялда хIалев вукIарав Александр Пановас.

Жибго Анжиялъул рахъалдаса Роналдода хурхун тIиритIарал гьел харбазе официалиял комментариял гьечIо.

Криштиану Роналдо ЭтоОдаса гIемерго нахъе ккун кIиабилеб бакIалда вугин хъвалеб буго «Сан» газетаялъ. ЭтоОца Анжиялъулгун контракт хъван буго лъабго соналъе.

Европалда машгьурлъи гьес хисана Россиялъул югалда бугеб республикаялъул гIемерго кIудиял бергьенлъаби гьечIеб командаялда хIаялъухъ. Гьелде тIадеги регион буго парахалъи гьечIеб. Команда гIумру гьабулеб ва хIаязде хIадурлъулеб буго Москваялда. Республикаялде гьеб бачIуна гIицIго рокъосел матчал хIазе.

Лъабго нухалда Европаялъул Лигаялъул чемпионлъун вахъа-

хитIаб

ХIурматиял «Миллат» газеталъул цIалдолел!

Редакциялъ хIукму гьабуна иргадулал номеразда, гIадатлъун лъугьараб нилъер «СанагIат гьечIел суалал» рубрикаялъе магIарулазул районазул бутIрузулгун гара-чIвариял гьаризе. Гьел рукIине гьечIо хIукуматалъул газетазул форматалда, хIакимзабазе рецц гьабулел хъвайхъвагIаял. Нижеца санагIат гьечIел суалал кьезе ккани ва хIакъикъат рагьизе бокьун батани, гIахьаллъе гьеб ишалда гьоркьор нужги. Нижеда киналго районазда ругел гIунгутIаби лъачIого хутIизе рес буго. Районазда ругел гIунгутIабазул, гьезул цо-цоязул санагIат гьечIел ишазул хIакъалъулъ суалал ритIе редакциялде. Гьебго къагIидаялъ суалал ритIизе бегьила магIарулазул политикаазухъе, министразухъе, депутатазухъе, машгьурал чагIазухъе, щиб пишаялъул гьел ругониги. Гара-чIвариял кьезе руго СМСалдалъун ва электронияб къагIидаялъ почтаялде рачIарал суалазул къадар хIисабалде босун. Гьелго суалал лъезе руго нижеца газеталъул микьабилеб гьумералдаги.Гара-чIвариялъе инкар гьабурал нухмалъулезул ва гьезул хIалтIул рахъалъ редакциялъ районазде ун халкъгун дандчIван кьезе руго макъалаби. Гражданияб жамгIиятги ихтиярал цIунулеб пачалихъги хIакимзабаца гьабулеб жо гуро, гьеб бачIуна халкъалъухъа, гьеб гIуцIизе нилъеда кIвани ахир лъола ришватазеги, коррупциялъеги, халкъалда гьикъичIого тIамулеб тIалъиялъеги ва гIемерал цогидал гIунгутIабазеги. Нилъер цоцаздехун бухьен ва цIогьодулев чиновникасе кьолеб битIараб суал букIине буго гражданияб жамгIияталъул кьучIалъе лъураб тIоцебесеб гамачIлъун. Аллагьас тавпикъги ияхIги кьеги нилъер щивасе хIакъаб рагIи абизе ва унтараб нилъер ватIан лъилъизабизе.

Нижехъе суалал ритIе гьаб адресалда:

ул. Шоссе аэропорта, 19 А
з-й этаж
редакция
газеты «Миллат»,
ялъуни электронный адрес:
bisav@mail.ru

тел.: 8-905-476-56-65

Васалам.

бокьани божа, бокьичIони божуге

Памятникалда бугеб чодул кIиябго бох борхун бугони рагъухъан хваравлъун рикIкIуна рагъда, цояб борхун бугони – гьев хвана рагъда щварал ругъназул хIасилалда. Бохал рорхун гьечIони рагъухъан хвана жиндирго хвелалдалъун,ай чIвачIого.

НекIсиял египтяназ кету хвеялда бан пашманлъи загьир гьабулаан кьунсрулги кIкIван.



ГIадатияб къалмидалъун бахъизе кIолеб рагIула 56 километралъул халалъи бугеб хIучч.

ТIоцебе «Победа» автомобиль гьабурабго цо-цоязул хIукму ккун буго гьелда цIар «Родина» лъезе. Гьеб пикругун рачIаразда Сталиница гьикъун буго: «Ну и почем у нас будет Родина?» Киназдаго бичIчIун буго цIар мекъи лъураблъи ва черхалда гъаргъар бан сихI къотIарал гьезда вождас тIад буссун «Победа» лъезабун буго.

500 тIамач бугеб гьоркьохъеб форматалъул тIехьалъ форма хвечIого хIехьолеб буго 15 вагон тIорччол бакIлъи.

Руччабаца берал кIиго нухалъ цIикIкIун къапула бихьиназулалдасаян чIезабуна гIалимзабаца.

Гьумер хIадур гьабуна ПатIимат МахIмудовалъ.

МИЛЛАТ «МИЛЛАТАЛДА» КIАЛЪАЛЕБ БУГО

ГIарани хъаладухъ инкъилабалъул ва ватIанияб рагъул бахIарзазул памятник чIунтизе тун буго. Районалъул нухмалъулел рохьилаздехун гьетIундай ругел?

8938 … .. 49

«Миллат» газеталъул хIикматаб редколлегия, чIагоял чагIини бегьила, хварал чагIи гIакълучаги кин рукIунел

8988 … ..98

МагIарулазул «Миллат» газеталда, магIарул цIар гьечIеб къиса «Коммунизм» щай бахъулеб?

8988 … .. 10

Хьаргабибе бахъулеб нух 2009 абилеб соналъул ахиралде, 2010 абилеб соналъул августалде лъугIилин хъвана газетазда. Хадусеб болжал кида бугеб?

8988 … .. 10

МагIаруладаса хъулухъал ана, къадруцIар ана, нахъе ине жо хутIичIо, гьанже нилъедаса тумаз ана Надиршагьасда тIад босараб бергьенлъи.

ГIандалав.

Дагъистаналъул халкъ цолъизе хIажат батани, чиновниказ бикъараб гIарац мискинхалкъалъе бикье, батIи-батIияб халкъ кин цолъулеб?

8928 … .. 41

БисавгIалиевас магIарулазда демократия хвеялъул зигара балеб буго, холеб кин гьабунцин букIинчIеб демократия?

Хьиндалав

ГIурусаз абулеб буго Дагъистан хьихьизе кколарин Москваялъ, гьебго жо абулеб буго рохьилазги. Гьеб пикруялда данде чIарал чагIи щалха кколел?

8988 … ..17

Т. 8-905-476-56-65

Лъазаби

«Миллат» газета босизе бегьула щибаб магIарулазул райцентразда почтабазул отделениязда, ва Республикаялъул киналго "Дагпечаталъул" киоскалда, Буйнакскиясул къотIноб, вокзалалде щолеб бакIалда бугеб газетал ричулеб тукада, автостанциялда.

Ялъуни ахIе тел.:
8-905-476-56-65,
8-988-261-85-25.

«Миллат» газета цIализе бегьула интернеталдасан **www.maarulal.ru ; www.millat.ru.**

«Миллат» газеталъе хIажат руго лъикIго авар мацI лъалел ва компьютералда хIалтIун бажарулел **корреспондентги** газета биччалев **редакторги**. Харж кьезе буго контракталда рекъон. Т.: **8 905 476 56 65.**

нилъер росаби



Инхо росу

МАГIАРУЛАЗУЛ ГАЗЕТА
Миллат

Учредитель:
Журналистский коллектив редакции

Главный редактор:
Магомед Бисавалиев

тел: 8-905-476-56-65

Редколлегия:
Зульфия Гаджиева
Газимагомед Галбацов
Патимат Гитинова
Закир Магомедов
Патимат Махмудова
Гамзат Дарбишгаджиев

Редакционный совет:
Умахан Великий
Имам Шамиль
Абдурахман Даниялов

Адрес: ул. Шоссе аэропорта (Каммаева) 19а. тел: 69-60-03
E-mail: millat@gmail.com

Газета зарегистрирована управлением Федеральной службы по надзору в сфере связи и массовых коммуникаций по РД.
Свидетельство о регистрации ПИ № ТУ 5-0105 июль 2011 г.

Газета отпечатана в ООО «Лотос», ул. Пушкина, 6.
Заказ № _____ Тираж 3000 экз.